# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–23 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

नीट पीजी परीक्षा क नया तारीख जल्दिये घोसित कइल जाई। स्वास्थ्य मंत्रालय बतवले हौ कि ई परीक्षा स्थगित कइले क फैसिला कथित अनियमितता के अरोपन के नाते लिहल गइल हौ। मंत्रालय कहले हौ कि राष्ट्रीय परीक्षा बोर्ड के जरिया से संचालित नीट–पीजी प्रवेस परीक्षा प्रक्रिया क पुरहर आकलन कइले के बाद ई फैसिला कइल गइल हौ। येह बिच्चे परीक्षा के नतीजा पर बिबाद के बाद राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी एनटीए क महानिदेसक सुबोध कुमार सिंह के काल्हि पद से हटा के भारतीय व्यापार संवर्धन संगठन क अध्यक्ष अउर प्रबंध निदेसक प्रदीप सिंह खरोला के एनटीए महानिदेसक क अतिरिक्त परभार सउंपल गइल हौ। ओहर, सिक्षा मंत्रालय नीट–यूजी परीक्षा में कथित गड़बड़ियन क जांचि सीबीआई के सउंपि दिहले हौ अउर कहले हौ कि जे भी दोसी पावल जाई ओकरे खिलाफ कड़ेर कार्रवाई कइल जाई।

नीट–यूजी परीक्षा–दुइ हजार चउबीस में कृपांक पावे वाले एक हजार पांच सौ तिरसठ विद्यार्थियन क आजु फेर से परीक्षा करावल गइल। ई परीक्षा दुपहरिया दुइ बजे से संझा पांच बजि के बीस मिनट ले चलल। राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी कहले हौ कि दोबारा परीक्षा नाहीं देवे वाले विद्यार्थियन क नतीजा पछिला महिन्ना भइल परीक्षा के नम्बर के आधार पर घोसित कइल जाई।

**********

अठारहवीं लोकसभा क पहिला सत्र बिहने से सुरू हो रहल हौ। येह दौरान भाजपा क वरिस्ठ सांसद भर्तृहरि महताब लोकसभा क नया चुनल गइल सदस्यन के सपथ दियइहें। श्री महताब के अस्थायी अध्यक्ष बनावल गइल हौ। नया लोकसभा अध्यक्ष क चुनाव छब्बीस जून के होई। सत्ताइस जून के लोकसभा अउर राज्यसभा क संयुक्त सत्र राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू के अभिभासण से सुरू होई। ई सत्र तीनि जुलाई ले चली। पहिला सत्र के पूर्व संध्या पर आजु आकाशवाणी क समाचार सेवा प्रभाग संसद के समक्ष मुद्दा क प्रसारण आकाशवाणी गोल्ड आ अतिरिक्त मीटरन पर आ ईश्यूज बिफोर पॉर्लियामेंट क प्रसारण रैनबो अउर अतिरिक्त मीटरन पर राति साढ़े नौ बजे से दस बजे ले सुनल जा सके ला।

**********

राममंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेंद्र मिश्रा फरिया दिहले हवें कि मंदिर क पहिला तल क निरमाण जुलाई दुइ हजार चउबीस ले अउर पूरा मंदिर क निरमाण दिसम्बर दुइ हजार चउबीस ले पूरा हो जाई। परकोटा के भित्तर बने वाला छौ गो अउरियो मंदिरन के सथहीं सज्जो निरमाण कार जुलाई दुइ हजार पचीस ले पूरा कइ लिहल जाई। अजोध्या में राम मंदिर निर्माण समिति के बइठकी के बाद उहां के ई जनकारी दिहलीं। श्री मिश्र बतवलें कि भगवान रामलला क प्राण प्रतिस्ठा के बाद से एक करोड़ पचहत्तर लाख से बेसी सरधालु उनकर दरसन कइ चुकल हवें, जवन येह महिन्ना के आखीर ले दुइ करोड़ ले पहुंचि जाई।

**********

देस आजु मसहूर बिचारक अउर सिक्षाविद् डॉक्टर श्यामा प्रसाद मुखर्जी क एकहत्तरवीं पुण्यतिथि मना रहल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सोसल मीडिया पोस्ट में उनके सरधांजलि देत कहले हवें कि डॉक्टर मुखर्जी मां भारती के सेवा में आपन जिनगी न्यौछावर कइ दिहले रहलें। उनकर ओजस्वी व्यक्तित्व देस के हर पीढ़ी के प्रेरित करत रही। लखनऊ में आयोजित पुण्यतिथि कार्यक्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहलें कि उनकर जिनगी देस के समरपित रहे। भारत क एकता अउर अखण्डता खातिर उहां के आपन बलिदान दिहलीं।

**********

आपराधिक न्याय प्रणाली के प्रसासन में भारत क प्रगतिसील पथ से जुड़ल चेन्नई में आजु आयोजित सम्मेलन मे पहिली जुलाई से तीनि नया आपराधिक कानूनन के परभावी भइले के बारे में चरचा सुरू भइल। एहां केन्द्रीय कानून मंत्री अर्जुन राम मेघवाल कहलें कि न्याय देवे बदे अब भारतीय न्याय संहिता सुरू कइल गइल हौ। येह बारे में उच्च न्यायालय अउर उच्चतम न्यायालय क न्यायाधीस बरिस दुइ हजार ओन्नइस से राज्यन अउर केन्द्रसासित प्रदेसन के सलाहि से कार कइ रहल हवें। सम्मेलन में केन्द्रीय सूचना अउर प्रसारण राज्य मंत्री डॉक्टर एल. मुरूगन कहलें कि एनडीए सरकार तकनीकी रूप से समृद्ध दुनिया के देखत नया आपराधिक कानून पेस कइले हौ।

**********

बसपा प्रमुख मायावती आपन भतीजा आकाश आनंद के सज्जो पद पर फेर से बहाल कइ दिहले हइनि। उन्हें लोकसभा चुनाव के दौरान सज्जो जिम्मेदारियन से हटा दिहल गइल रहे। लखनऊ में आजु भइल समीक्षा बइठकी में बसपा प्रमुख, आकाश आनन्द के फेर से राष्ट्रीय संयोजक बनवलिनि। चुनाव में खराब परदरसन क समीक्षा के बाद सुश्री मायावती भरोसा जतवलिनि कि बसपा एक बेर फेर से मजबूती से उभरि के सबके सामने आई।

**********